ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№43 (24.169) ● 2021 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Еджэныгъэ

Къэрал экзаменхэм зыхуагъэхьазыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ КъБР-р къэрал экзаменхэм зэрыхуэхьазырымрэ ар зэрегъэкІуэкІын хуеймрэ теухуа зэІущІэ. Абы хэтащ Урысейм егъэджэныгъэ ІэнатІэм кІэлъыплъыныжьмкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм и унафэщІ Музаев Анзор.

ЗэІУЩІЭМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м щыІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, КъБР-м Цыхухэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іухухэмкіэ и министр **Езауэ Анзор**, Урысейм егъэджэныгъэ ІэнатІэм кІэлъыплъыныжьмкІэ къэрал къулыкъущІапІэм и унафэщым и чэнджэщэгъу **Оздарбиев Рамзан**, а Іухухущапіэ дыдэм и унафэщым и къуэдзэ **Курпинский Игорь**, щЫпІэ администрацэхэм я унафэщІхэр, егъэджэныгъэмкІэ щЫналъэхэм щыІэ Іухухущапіэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэр къызэІуэзыха Мусуков Алий къекІуэлІахэм фІыщІэ яхуищІри, гъэ еджагъэр и кІэм зэрынэсар, еджакІуэхэм щІэныгъэ зрагъэгъуэтам и фІагъыр къэпщытэным и чэзыр къызэрыблагъэр, абы кьыхэкІыуи, дэтхэнэ зыми лэжьыгъэшхуэ къызэрыпщылъыр къызэрыгъэщащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къэрал экзаменхэм хузыхьзырыр. Экзаменхэр зэрат хабзэхэм щЫналъэр фІыуэ хуэІэижь хъуащ, ахэр зыхуэИ хуэзэу егъэкІуэкІыным, техникэ и лъэныкъуэкІэ кьызэгъэпэщыным гулъытэ хэха худощІ. Мыгъэрей къэпщытэныгъэхэр зэрегъэкІуэкІын хуейм теухуауэ курсхэр къызэрагъэпэщри, кІэлъыплъакІуэу щЫпІэхэм щЫІэнухэм яІэнхъэ щІэныгъэмрэ гъуэзэмрэ иратащ. Апхуэдэ щЫкІэкІэ, КъБР-м Цыхухэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іухухэмкіэ и министерствэм Іэщіагъэлі мини 4,5-рэ игъэхьазыращ», - жиІащ Мусуковым.

Правительствэм и Унафэщым адэкІэ и псалъэм щыпищэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къэрал экзаменхэр онлайну ирагъэкІуэкІыну зэрыхуэхьазырми и гугъу ищІащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым 2021 гъэм щекІуэкІыну къэрал экзаменхэм сабий мин 12-м щІигъу хэтынущ. Зыуэ щыт экзамен лІэужьыгъуэр щатынущ абы хуэхэа щыпІэ 22-м. Абы къищынэмыщІауэ, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкІыу а щЫпІэхэм емыкІуэлІефыну сабииплІым я унэми экзаменхэр щрагъэтынущ, абы щхьэкІэ зыхуэИ-зыхуэныкъуэ псомкІи ахэр кьызэрагъэпэщынурэ. 9-нэ классыр кьэзыух ныбжьыщІэхэм экзаменхэр щЫпІэ 67-м щатынущ. Ипэ илъэсхэм хуэдэу, экзаменым екъэлІа лэжьыгъэхэр ахэр щатыну пэшхэм щызэтрахынурэ абдеж щагъэбэгъэнущ, кьыхэкІа лэжьыгъэхэри ахэр кьыщапщытэ штабэхэм къанэ щымыІэу скан щащІыкынущ. Экзаменхэр зэрат хабзэхэм кьагъуэв мардэхэм ябкъ иткІэ, ахэр онлайн-жьпхъэм иту екІуэкІынущ. Нэхъапэхэм хуэдэу, экзамен лэжьыгъэхэр Іэмал зэриІэкІэ пэжым тету ятхын щхьэкІэ, интернет зэпыщІэныгъэхэри, телефон зэлъэІэсыгъэхэри ягъэужьыхынущ, щЫпІэхэм псоми федеральнэ икІи щЫналъэ кІэлъыплъакІуэхэр щыІэнущ».

Адэкіэ Музаев Анзор псалъэр щратым, Къэбэрдей-Балъкъэрым мыпхуэдэ Іэухухэм нэхъ хуэхьэзырхэм зэращыщыр жиІащ, бгъэзэкІуэж мыхъуну щыщІэныгъэшхуэхэр кьызыщыхъу щыналъэхэм зэрахэмытыр и гуапэу кьыхигъэщащ. «Мыпхуэдэ зэІущІэхэр зэредгъэкІуэкІыжьмыхьэнэ иІэу кьыязолъытэ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ дызэпсалъэурэ дызыльэмыІэса, тІэщІэкІа Іуэхугъуэхэр сэтей кьыдощІ, нэмыщІысахэмрэ зэмыпэщахэмрэ зэдогъэзэхуэж. Нэгъабэ едгъэкІуэкІауэ щыта зэІущІэм ди тІасхъапІэ куэд кьыщыщІэдгъэщри, игъуэм зэтес тщІыжауэ щытащ. Абы ипкъ иткІэ упсалъэмэ, мы гъэм лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщыкІэм арэзы укъимыщынкІэ Іэмал иІэжьым», - жиІащ Музаевым.

«Роспотребнадзор» къэрал къулыкъущапІэм иджыри Іэджэ кьыптеубыд, дунейр зэщІэзыщта узыфэм и игъэ цІыхум емыкІын папщІэ. Абы кьыхэкІыу, 11-нэ классыр кьэзыух ныбжьыщІэхэм экзаменхэр зэратынур нэгъабэрей жьпІхъэм итуц. Апхуэдэу щыт пэтми, Іуэхум щІэ гуэрхэри кьыхэтлъхьащ. Псалъэм папщІэ, еджапІэ нэхъыщхьэ щІэтыщхьэну хуэмейхэм экзаменхэр езыхэм я еджапІэм деж щатыжьынущ, кьызэщІэзыкъуэж къэрал экзамен (государственный выпускной экзамен) жьпхъэм иту. ЕджапІэр кьызэрыбухамкІэ щыхьэт тхьылъ кьыуатыжьын щхьэкІэ, Іэмал имыІэу урысыбзэмрэ есэпымрэ птын хуейщ», - жиІащ къулыкъущІэм.

Гулъытэ хэха зыхуэзщІапхъэ Іуэхугъуэхэм ящыщу Музаевым кьилъытащ сабийхэм зрагъэгъуэта щІэныгъэм и фІагъыр къэпльытэн зэрыхуейри. Абы и Іэхугъкіэ щЫналъэ къэс щыІэ щытыкІэр зэІубз зыщІ пщалъэхэми зэрелъжьар кьыхигъэщащ абы. А пщалъэхэм я мыхьэнэм и гугъу щищым, Музаевым кьекІуэлІахэм гу лъаригъэтащ зы Іуэхугъуэм: «Іэщіагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапІэхэм хуеплъэкІэм, абы щІэтІысхьэжьм я бжыгъэм кІуэм пэтми хохьуэ. ЩЫналъэм щыІэ апхуэдэ еджапІэхэм щІэупщІэ яІэмэ, ахэр зыхуейзыхуэныкъуэхэм кьызэгъэпэщаря еджаныгъэр зэтраублэфмэ, ар а хэгъэгу зыужьныгъэ гъэзгум зэрылетыр кьэзыгъэлъагъуэ нэщэнэщ. ЩІэупщІэ имыІэрэ - зэрыгурыІуэгъуэщи, апхуэдэ еджапІэхэм зыри кІуэнукъым. Мис аращ дэ дызыхуэлажьэ пщалъэ нэхъыщхьэр, армыхъумэ зыуэ щыт экзаменхэм кьыщыхьын хуей «ику иТ баллракъым».

Нэгъабэ къэрал экзаменхэр зэрекІуэкІам ельытауэ, мыгъэрейр кьызэрызэгъэпэщыпхъэм и гугъу Урысейм егъэджэныгъэ ІэнатІэм кІэлъыплъныжьмкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм и унафэщым и къуэдзэ Круглинский Игорь ищІа нэужь, Іуэхум хэт унафэщІхэмрэ ІэщіагъэлІхэмрэ я зэпсэльэныгъэм щІидзащ.

ТАБЫІЩ Мурат.

● КъБР-м и Парламентым

ЩІалэгъуалэр парламент лэжьыгъэм пэроувэж

КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм и ебланэ хэхыгъуэм хэтхэм я ипэ зэІущІэ екІуэкІащ. Абы кьрихьэлІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, спикерым и къуэдзэ Къардэн Мурат, Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іухухэмкіэ и комитетым и унафэщІ Емуз Нинэ, нэгъуэщІ комитет зыбжанэм я унафэщІхэр, апхуэдэу Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іухухэміэ комитетым хэтхэр.

ЗэІУЩІЭР къыщызэІуихым Егоровэ Татьянэ ЩІалэгъуалэ палатэм и ебланэ хэхыгъуэм хэхуахэм екъуэхъуащ икІи абыхэм лэжьыгъэ гъэщІагъэнхэр зэрырагъэкІуэкІынкІи и фІэщ зэрыхъур жиІащ.

- Илъэс пщыкІущым щІигъууэ ЩІалэгъуалэ палатэм лэжьыгъэшхуэ зэфІеГъэкІ икІи ар граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэм ящыщу республикэм и щІалэхэрэ зэфІекІуэжьджэбзэмрэ я деж нэхъ пщІэшхуэ щызыІэхэм ящыщ хъуащ. Блэкіа хэхыгъуэхэм хэтахэм ирагъэжьа Іуэхуфіхэр япэкІэ бгъэкІуэтэну кьыфІэщІтщ, - кьыхихгъэщхьэхуэкІащ къэпсалъэм.

Законхэр кьыдэзыгъэкІ органым и унафэщым кьиргъэлъэгъуащ жэуапплыныгъэ зыпылъ мы Іэнатіэр щІалэгъуалэр япэкІэ кІуэтэнымкІэ щІэздзапІэу зэрыщытыр.

- Ипэрей хэхыгъуэхэм хэтахэм ящыщ куэд иджы унафэщІ Іэнатіэхэм пэрытщ, властым и унафэщІ органхэм, щЫпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм щолажьэ, КъБР-м и Парламентым, щЫпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ советхэм я депутатщ. Апхуэдэ екъулІэныгъэхэр кьэкІуэну зэманым фІиэнымкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэр фи егугъуныгъэрщ, ерыщагъыщ, жьыджэрагъыщ, - кьыхихгъэщхьэкІащ спикерым.

ЩІалэгъуалэ палатэр кьыщызэрагъэпэщым абы и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу яубзыхуэгъэ щытахэм ящыщу КъБР-м щІалэгъуалэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ кьызэрызэпэщыным хуэунэтІа хабзэ мардэхэр Парламентым щыпхыигъэкІыныжьмкІэ сабэп хъуныр.

- Дэ сытым джи тфІэгъэщІэгъэнщ щІалэгъуалэм я Іуэху еплъыкІэр. АтІэ иджырей хэхыгъуэм хэтхэм дэ даздэрыщыгугъыр сыт? Псом япэу, ахэр законкэр гъэхьэзырыныжьмкІэ Іэжьыгъэм жэрдэм яхэлъу бгъэдэльхэныщ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, Парламентыр законкэр кьыдэзыгъэкІ органщ, апхуэдэу щыщытКІэ, Іэжьыгъэм а и унэтІныныгъэр сытым джи нэхъыщхьэщ. Ипэрей хэхыгъуэхэм хэтахэм абы и лъэныкъуэкІэ куэд зэфІагъэкІащ, абыхэм щІэуэ, гъэщІэгъуэну Іуэху куэд кьаІэтащ икІи а жэрдэмхэм федеральнэ, республикэ законодательствэм увыпІэ пыухыкІа щаубыдащ. Иджыпсту Парламентым иригъэжьащ «ЩІалэгъуалэ политикэм и Іуэхукіэ» республикэ законым и проектыщІэ гъэхьэзырыныжьмкІэ Іэжьыгъэр. Фэ фащащ дэтхэнэ зыри ІэнатІэ пыухыкІа пэрытщ - хэти йоджэ, хэти и Іэщіагъэмкіэ мэлажьэ. Абы кьыхэкІыу ЩІалэгъуалэ палатэм хэт дэтхэнэ зыри абы и лъэныкъуэкІэ сэбэп хъунфынущ.

- КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ �щІалэгъуалэ палатэр хуэІэкІуэлъакІуэ хуащ социальнэ лэжьыгъэшхуэхэр, щІалэгъуалэ проектэр гъэзэщІэным. Нобэ палатэм хэтхэм а зэфІэкІыр ягъэбзэгъуэну, жылагъуэ Іуэхущіэхэр зэтрагъэувэну Іэмал яІэщ, - кьигъэльэгъуащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым зэІущІэм хэтахэр кьыхуриджащ гупу зэдэлэжьным жгугъуну, республикэм и щІалэгъуалэр жылагъуэ-политикэ гъащІэм нэхъ жьыджэру кьыхэшэным гулъытэ хэха хуащІыну.

- ЩІалэгъуалэ палатэм и ебланэ хэхыгъуэм хэхуахэм езыхэм я Іуэху еплъыкІэ яІэжщ, ахэр езыхэр кьызыбгъэдэкІа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щекІуэкІхэм фІыуэ щыгъуазэщ. Иджы парламент Іэнатіэм щыззэхуэса щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зы гуп зэкъуэту зэдэлажьэну, я кьарур зрагъэуІуну кьапэщытщ. Шэч хэмылъу, фэ мыбы нэгъэсауэ щыгъуазэ фыщыхъунущ политикэ, унафэщІ, жылагъуэ лэжьыгъэм. Дэ дыфщогугъ зэвгъэгъуэтыну щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэр дэгъэкІныжьмкІэ къэвгъэсэбэпыну.

Егоровэ Татьянэ ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэм чэнджэщ яритащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэм нэхъ быдэу япыщІауэ щытыну.

ЗэІущІэм хэтахэм �щІалэгъуалэ палатэм и зэхэлъыкІэр ирагъэкІуэну. Апхуэдэ щыІэ щІалэгъуалэ палатэм и ІыкІуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и деж щыІэ �щІалэгъуалэ Парламентым Созаев Кязим ягъэкІуэну. Палатэм и секретару Къардэн Миланэ хахащ.

ЗэІущІэм апхуэдэу щаубзыхуащ �щІалэгъуалэ палатэм и зэхэлъыкІэр икІи законхэр кьыдэгъэкІыныжьмкІэ, правовой, социальнэ, экономикэ Іуэхуэхмкіэ комиссэхэр яубзыхуащ, а комиссэхэм я унафэщІхэр хахащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ системэм и унэхэм хиубыдэу иІэ псэупІэ фонд хэхам щыщ псэупІэхэр зэрат икІи ахэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэмрэ хабзэмрэ ятеухуа Положенэр, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ системэм хиубыдэу иІэ псэупІэ фонд хэхам щыщ псэупІэхэр социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зыхуэфащэ цыху гуп щхьэхуэхэм щыщхэм зэрырат икІи а кьызэрагъэсэбэп щыкІэмрэ хабзэмрэ ятеухуа Положенэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2021 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м Налшык къалэ №72-ПП

1. Къэщтэн мы унафэм щыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ системэм и унэхэм хиубыдэу иІэ псэупІэ фонд хэхам щыщ псэупІэхэр зэрат икІи ахэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэмрэ хабзэмрэ ятеухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ системэм хиубыдэу иІэ псэупІэ фонд хэхам щыщ псэупІэхэр социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зыхуэфащэ цыхху гуп щхьэхуэхэм щыщхэм зэрырат икІи а кьызэрагъэсэбэп щыкІэмрэ хабзэмрэ ятеухуа Положенэр.

2. Социальнэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ цыхухэр учётым гъэувыныжьмкІэ, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ цыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ системэм хиубыдэу иІэ псэупІэ фонд хэхам щыщ псэупІэхэр етыным теухуа унафэ къэщтэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ гъэзэщІакІуэ органу хэхын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэр.

3. Къару ямыІэжу кьэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм мы къыкІэлъыкІуэ и унафэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цыхухэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ системэм и унэхэм хиубыдэу иІэ псэупІэ фонд хэхам щыщ псэупІэхэр зэрат икІи ахэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэмрэ хабзэмрэ ятеухуа Хабзэм и Іуэхукіэ» №111-ПП-м щІэту 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м кьащтам;

«Зи узыншагъэкІэ е акъылкІэ дагъуэ зиІэ сабийхэр социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ ІэнатІэм и Іуэхущапіэхэм зэрагъакІуэр икІи ахэр зэрапІ щыкІэм теухуа Положенэм и Іуэхукіэ» №461-ПП-м щІэту 2005 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м кьащтам.

4. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий М. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

Унагъуэ хуэмыщІахэм, хуэмыщІауэ псэу цыху щхьэзакъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрат къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдизым, ар зэрыхуагъэув щыкІэмрэ хабзэмрэ ятеухуа Положенэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2021 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м Налшык къалэ №80-ПП

«Къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэм и Іуэхукіэ» 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м кьащта Федеральнэ закон №178-ФЗ-м и 5-нэ статьям, социальнэ контрактым ипкъ иткІэ цыхухэм социальнэ къэрал дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ лэжьыпхъэжьм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу Урысей Федерацэм и субъектхэм субсидиехэр зэрыкъухах икІи зэрытрагуашэ Хабзэхэм, Урысей Федерацэм «ЩІыхуэхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ» и къэрал программэм и гуэдзэн №98-м, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м кьыдигъэкІа унафэ №296-мкІэ кьищтам, кьыщыгъэпэгъуахэм, «Унагъуэ хуэмыщІахэм, хуэмыщІауэ псэу цыху щхьэзакъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрат къэрал дэІэпыкъуныгъэм и Іуэхукіэ» 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 15-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №53-РЗ-м и 3-нэ статьям нэхъ иткІэ, икІи унагъуэ хуэмыщІахэм, хуэмыщІауэ псэу цыху щхьэзакъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэкІэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етын мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Унагъуэ хуэмыщІахэм, хуэмыщІауэ псэу цыху щхьэзакъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрат къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдизым, ар зэрыхуагъэув щыкІэмрэ хабзэмрэ ятеухуа Положенэр къэщтэн.

2. Къару ямыІэжу кьэлъытэн:

«Унагъуэ хуэмыщІахэм, хуэмыщІауэ псэу цыху щхьэзакъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрат социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зыхуэдизым, ар зэрыхуагъэув щыкІэмрэ хабзэмрэ я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кьыдигъэкІа унафэ №251-ПП-м;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм шыщхэуІум и 24-м кьищта унафэ №164-ПП-мкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и акт щхьэхуэхэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм я пунктхэу 14-мрэ 15-мрэ;

Унагъуэ хуэмыщІахэм, хуэмыщІауэ псэу цыху щхьэзакъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрат къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдизым, ар зэрыхуагъэув щыкІэмрэ хабзэмрэ ятеухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэну Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м кьыдигъэкІа унафэ №194-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м кьыдигъэкІа унафэ №227-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м кьищта унафэ;

«Унагъуэ хуэмыщІахэм, хуэмыщІауэ псэу цыху щхьэзакъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрат къэрал социальнэ дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдизым, ар зэрыхуагъэув щыкІэмрэ хабзэмрэ ятеухуа Положенэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2020 гъэм фокІадэм и 24-м кьыдигъэкІа унафэ №2220-ПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий

● ЕхъулІэныгъэхэр

Адыгэ пщащэр къыхожаныкІ

Урысей Федерацэм и Правительствэмрэ Финансэмкіэ университетым аудит, корпоратив отчётхэмкІэ и департаментымрэ иджыблагъэ ирагъэкІуэкІащ «Иджырей экономикэмрэ абы и къэкІуэнымрэ зэрызэтраухуэ бухгалтер учётыр, абы епха ІэнатІэхэр къызэрызэрагъэпэщ Іэмалхэр» зи фІэщыгъэ III Дунейпсо щІэныгъэ зэхуэсыр. Абы хэтащ КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и студентхэри.

ДУНЕЙР зэщІэзыщта узыфэм и ягъэкІэ, щІэныгъэ зэхуэсыр ар зэхэзышахэм пІудзэуэ фІэкІа яхуегъэкІуэкІакъым. Апхуэдэу щыт пэтми, абы и лъжьыгъэм жьыджэру хэтащ Урысейм, Белоруссием, Къэзахъстаным, Узбекистаным, Таджикистаным, Люксембург, Финляндием, Латвием я еджапІэ нэхъыщхьэхэм я лЫкІуэу цЫху 200-м щІигъу. ЩІэныІуатэр и щхьэусыгъуэу кьызэгъэпэщакІуэхэр иужь итащ щыналъэхэм бухгалтер учётыр зэрызэрахьэ щЫкІэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр кьыхэгъэщынем, ахэр дунейпсо щапхъэм зэритІасэр, абы зэрыхуэгъэкІуапхъэ гъуэгуэхэр къэхутэным. ЩІэныІуатэм къыщыІуа гупсысхэр нэхъыщхьэ дыдэу зыхуэкІуэжьр зыщ: урысейпсо икІи дунейпсо бухгалтер учётымрэ абы и ІэнатІэ зэмылІэжьыгъуэхэмрэ зы мардэм хуэща зэрыхъуным и хэкІыпІэхэр къэхутэным, арыхъуи экономикэ зэхьэзэхуэ узынышэмрэ инвестицэмрэ нэхъ щІэгъэхуэбжьа щыным.

Ди щыналъэм щыщу щІэнІуатэм хэта цІыхуитхуи иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэ гъэщІэгъуэныжьмкІэ къахэщащ «Экономикэ» унэтІныныгъэмкІэ Іэщіагъэ зэзыгъэгъуэт, 2-нэ курсым щеджэ Мэлыхьэу Миланэ. Абы кьыхуагъэфэщащ Дунейпсо зэхуэсым и фІыщІэгуапэ тхьылъым и ещанэ нагъыщэр.

Мэлыхьэум и лэжьыгъэр теухуат щыналъэм е Іуэхущапіэм хухах мыпкъым щІимыгъу, нэгъуэщІ кьыхэхъуапІэ зимыІэ бюджетым и мыхьэнэм, ар бухгалтер учёт зэращым, дуней псом щыубыдэ увыпІэм. Зи гугъу тщІы мылъку лІэужьыгъуэм и зехьэкІэм теухуауэ иджыри къэс щІэныгъэ етынымкІэ щыІэкъым. Ди щыналъэм и щхьэхуэныгъэхэр кьилъытэурэ ар ялъ дыдэу утыку кьизыхьар Мэлыхьэу Миланэщ.

Зи ехъулІэныгъэм дыщыгуфыкІ адыгэ пщащэм лъэпкъыр зыІэтын, и цІэр дахэкІэ жьыжь зыгъэІуН щІэныгъэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ кьыхэкІыну дохъуэхъу!

ШУРДЫМ Динэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъыфІитхум хабжэ

Зыгъэпсэхуакіуэ кІуэкІр зыщІэсыну унэхэр къахухэзых, ахэр абыхэм езыгъэбыдыпІэ Tvil.ru сервисыр социальнэ сайтхэр къэзыгъэсэбэпхэм яхэупщІыхьащ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр щыпсэу щыналъэхэу Урысейм хыхьэхэм ящыщу дэтхэнэ зыщалІыхьыну нэхъ къащтэми зрагъэщІэн мурадкІэ.

ЦІЫХУХЭМ кьыхаха щЫпІитхум яхэхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр - абы еплІанэ увыпІэр кьылъагъэсащ. Іэ зыІэта псоми я процентийм ди республикэм кьэкІуэну зэрафІэфІыр, ди деж щыпсэу лъэпкъхэм я хьэщІэ егъэблагъэкІэр нэхъ яГу зэрырихьыр жаІащ.

Урысейм и щыпхъэм я нэхъыбэм Алтай краймрэ Алтай Республикэмрэщ кьыхахар. ЩЫпІэ нэхъыфІитхум апхуэдэу яхэхуащ Дагъыстэныр, Тэтэрстаныр, Хакасиер.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьэм захудогъаз

2021 гъэм и ящэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадзэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: накъыгъэм къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.

Мази 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 243-рэщ.

Ди индексыр П 5894

● Тхыдэм и фэеплъхэр

Зэрыщытам хуэдэу къызэтегъэнэн

«Дыщалъхуа щыналъэр дывгъэхъумэ» къыхуеджэныгъэм щIэту а махуэр (International Day for Monuments and Sites) гъэ къэс гъэлъэпIэным теухуа унафэр 1982 гъэм ЮНЕСКО зэгуфхэныгъэм Фэеплъхэмрэ щыпIэ гепльыдзхэмрэ хьумэныкIэ и дунейпсо советым и ассамблеем (ICOMOS) къыщищтащ. Абы къыкIуащ щэнхабзэм и щIэин щIыпIэхэмрэ фэеплъхэмрэ жылагъуэм гупльитэ хэха щыхуащI махуэр 1984 гъэм къыщыщIэдзауэ мэлыжьыхьым и 18-м дуней псом щыгъэлъэпIэныр.

ТХЬИДЭ мыхьэнэ зиIэ Іуащъхьэхэм, къалэжьхэм, кхъэлъахэхэм цIыхубэ хозяйствэм ехьэлIа хэIухуэщIэхэр щемыгъэкIуэкIыным, абыхэм гъавэ щемыгъэщIэным хэгъэзэ унафэ 1924 гъэм СССР-м ЩIэныгъэ ІэхуэхэмкIэ и ЦIыхубэ комиссариатым къыдигъэкIауэ щытащ. Ауэ илъэсипщI дэкIри, 1934 гъэм, къэралым хозяйствэ ухуэныгъэхэм зэрызыщагубгъуам къыхэкIыу, ягперйр зыкъутэж унафи щыIащ.

1976 гъэм Совет Союзым тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэр хьумэнымрэ ахэр къызэрыбгъэсэбэн хьуну щIыкIэмрэ теухуа хабзэ къыщащтащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунци, ар гъащIэм зэрыщыхапщэ щагъуэ щымыIэу нобэрей зэманым дыкъэсащ. Зэрыщытыр арацци, хабзэм ебакъуэхэм ткIиягъ хэпIуэ ябгъэдыхьэркъым, Іуэхугъуэ мыщхьэпэхэр зылэжьхэм яхуэгъэзауэ щыIэ унафэхэр дахэ-дахэу ягъэзащIэркъым, абыхэм къытемыкIэхэри мащIэ дыдэщ. Тхыдэм пыщIа щыпIэхэм, фэеплъхэм, мэз гуэрэнхэм, зэрахуэфащэм хуэдэу, щысхьыркъым. «АбыкIэ къуаншэ щыIэ?» - жыпIэрэ уцIэупщIэмэ, щыIэщ, ауэ апхуэдэхэр жэуапым щрашалIэр мащIэ дыдэщ.

ГъэщIэгъуэнщ, ауэ Европэм щыIэ къэралхэм абы и лъэныкъуэкIэ я Іуэху зыIутыр нэгъуэщIщ. Абыхэм блэкIам пщIэ зэрыхуащIым и щапхъэщ, тхыдэм и щIэину къалъытэ щIыпIэ дахэхэр, фэеплъхэр зэрыщытам хуэдэу ди нэгу къыззэрыщIагъэувэжыным зэрыхуущIкъури, щыIті лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэхэр зэхэлъыкIэу яIам зэрыхуагъэкIуэжри. Псалъэм папщIэ, Инджылызым и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ, «Іэпэ зыльамыгъэIэсам хуэдэу», нобэр кьыздэсым щахъумащ, Іуащъхэ лъагэу зэтетхуарэ зэкIэлъыкьуэ зэрагъэкIуэкIа «Адриан и къуэтIыхь» шытхыр. Километри 117-рэ зи кIыхьагъ, щIым къыхэха «блыныр» зи унафэкIэ зэтрезыгъэтхьауэ щытар Римым и император Адриан Публийц, къэралыгъуэ абрагъуэм и ищхъэрэ гъунапкъэхэр къыхуэмыгъэдаIуэ лъэпкъхэм ящихьумэн папщIэ.

Тхыдэм пыщIа щIыпIэхэмрэ фэеплъхэмрэ я махуэр хэзыгъэунэхукIаxэм кьалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжар, зэрыгурыIуэгъуэщи, щэнхабзэм и щIэину дунейпсо мыхьэнэ зиIэсэм зэхасакъэныкIэ хьумэныкIэ лэжьыпхъэхэм жылагъуэм гупльитэ нэхъыбэ хуегъэщIынырщ.

Мы махуэм ирагъэкIуэкI хабзэщ дяпэ итахэм щэнхабзэм и щIэину къытхуагъэнахэр хьумэн зэрыхуейм щытепсэльыхь зэхьыхьэхэр, экологэр щызэIущIэ конференцэхэр, тхыдэм пыщIа сурэтхэм я гъэлъэгъуэнгъэхэр. Уеблэмэ, зи гугъу тщIы Іуэхур дэзыIыгъэхэм языныкъуэ музейхэм щыхуэхэр пщIанщIэу щIагъэхьэ, адрей махуэхэм зэхуэщIа архитектурэ комплексхэм я куэбжэхэр хуэзIуах.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэтщтэнщи, щэнхабзэ щIэин теплъэ зиIэ щIыпIэу мин бжыгъэ итщ. Абыхэм ящыщу 425-р къэрал тхылъхэм иратхащ, 76-р археологием и хьугъуэфIыгъуэльэщ, 321-р тхыдэм и щIэинщ, 40-р гъуэжджэм пыщIащ, 74-р архитектурэм и кьулеигъэщ.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

● Зэпеуэхэр

«Илъэсым и студент» Соповэ Алинэ

ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым иджыблагъэ щекIуэкIащ еджакIуэ нэхъыфIхэр къыщагъэнаIуэ «Илъэсым и студент» зэпеуэр.

ИЛЪЭС етхуанэ хъуауэ къызэрагъэпэщ а Іуэху дахэм мы гъэми щIэщыгъуагъ куэд хальхьащ къызэгъэпэщакIуэхэм. Зэпеуэм хэтхэм еджэным хуэIэ зэфIэкIыр, щIэныгъэ-творческэ екъулIэныгъэхэр, жыджэру студент гъащIэм зэрыхэтырщ къальытэр. 2 - 5-нэ курсхэм студентхэм ящыщу зэпеуэм и Іыхьэхэм нэхъыфIу зыкъыщызыгъэльэгъуэ хъыджэбзитху финалым кIуащ.

Ябпщ1ыкIэ студентхэм зыкъагъэльэгъуащ, я зэфIэкIхэр, екъулIэныгъэхэр утыку кьрахащ. Апхуэдэу, хъыджэбзхэм я зым литературэ зыплъыхьакIуэхэм я программэ зэхигъэуващ, адрейм музыкэ школым и кьудамэ псоми щеджауэ музыкэ Іэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэм макъамэ гугъуэхэр кьрегъэкIыф. Ещанэр «Кинотавр»-м и кинофестивалхэм димыгъэхуу щыIат. ЕплIанэ пщащэр псапащIэ Іуэхуэхэм жыджэру хэтти ди кьэралым и Президентым и #МыВместе# медалыр къыхуагъэфэщат. Етхуанэ пщащэ щIыкIым «Кавказым и пащтыхь гуащэ» зэпеуэм «ЗэфIэкIыбэ» цIэр къыщыфIащат.

ЕтIуанэ Іыхьэм хъыджэбзхэм я акъыл и жанагъ, гупсысэм и куугъ щагъэунэхуащ.

Я уэрэд, кьафэ дахэхэмкIэ зэпеуэм кьрихьэлIахэм я гукъыдэжьр кьаIэтащ Рамзи Ванессэ, гъэ кIуахэм а зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэу Шыкуэ Аскэрэ Хъэщхъуэжь Испъамрэ.

КъэпщытакIуэ гупыр гупсэхуу хэпльа иужькIэ, япэ увыпIэр Соповэ Алинэ хуагъэфэщащ. ЕтIуанэ хэуар Пкин Сабринэщ, ещанэ увыпIэр Рамзи Ванессэ кьихьащ.

ГъэщIэгъуэнракъэ, гъэ кIуам Алинэ мы зэпеуэм и финалым нэсауэ, «Творческэ номер нэхъыфI» Іыхьэм щытекIуат, мы гъэм нэхъ егупсужу зызыгъэхьэзыра хъыджэбзыр псоми ефIэкIащ.

«Илъэсым и студент» зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэм дохъуэхъу, я екъулIэныгъэ, насып нэхъыбэ хьуну, ефIэкIуэну ди гуапэщ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

● ТхылъыщIэ

БзитIкIэ къыдокI

Котляровкэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ «Выдающиеся поэты Кавказа» серием хыхьэ зи чэзу тхылъыр. Абы ихуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Горький Максим и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща КIыщокъуэ Алим и усэ къыхэхаэр.



ХАБЗЭ хъуауэ, саугъэт папщIэу къыздагъэкI, зи бжыгъэр экземпляр 1000, напкIуэцI 300-м щIигъ тхылъыр урысибзэкIи инджылызбзэкIи традзащ.

- Нэгъабэ япэу едгъэжьа «Выдающиеся поэты Кавказа» сериер къызэIутхащ Кулиев Къайсын и усэхэмкIэ. Иджырейр хуэхтащ КIыщокъуэ Алим и усэхэр бзитIымкIэ теддзэным. Хэку зауэшхуэм щызэрыцIыхуу ныбжьыгъуэ зэхуэхьуэ усакIуэ теЛъуджэхэр дунейм ехыжами, абыхэм я псалъэхэр тщIыгъущ, я пщIэр зэманми имыгъэкIуэду. ГъащIэм и мыхьанэр къызыгурыIуэ усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр щIэбэнащ дуней псом мамырыгъэр щытепщэным. КъыкIэлъыкIуэ серием Гамзатов Расул и усэ къыхэхаэр хэдгъэхьэну дубзыхуащ, - жеIэ Котляров Викторэ.

Зи анэдэлъхубзэмкIэ тхэуэ щыта КIыщокъуэ Алим Іуэрыуатэм, лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ фIыуэ щыгъуазэт. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ тхакIуэм Іэмал иIэт и хуэ цIыкIум щекIуэкI гъащIэр нэгъуэщI щIыналъхъэм щыIэхэм иригъэпщэну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Банк Іуэхухэр

СОКЪУР Алим: КъБР-м и экономикэр зэрызэфIэувэжым щыхьэт тохъуэ

2021 гъэм и япэ мазищым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм кредит кьащтар хуэдиткIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ дыдэ лъэхъэнэм елъытауэ.

МЫ ГЪЭМ мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу «Мэкъумэшбанкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ и кьудамэм и кредит портфелир сом меларди 2,6-м нэблэгъащ. 2021 гъэм и япэ мазищым цIыху 450-м кьащтащ кредит мылъкуу сом мелуан 350-м щIигъу, ар нэгъабэрейм нэхъри зэхуэдэ.

Республикэм щыпсэуэхэм нэхъыбэу кьагъэсэбэпэр ипотекэ, пенсэ кредитхэрщ. Апхуэдэхэращ портфелым и Іыхьэ нэхъыбэр зыубыдыр.

«Экономикэ щытыкIэ гугъуэм емыльытагъэ щIыхуэ тыным зыужьыныгъэшхуэ егъуэт. Кредит Іуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным, цIыхухэр кьешэлIэным хуэунэтIауэ екIуэкI лэжьыгъэхэм, иджыпсту лажьэ кредит программэхэм я щытыкIэхэм зегъэужьным и фIыгъэкIэ кьудамэм и кредит портфелым хэхъуэ иIэщ икIи КъБР-м и кредит рынокым нэхъ зыщегъэбыдэ. ЦIыхухэм щIыхуэ нэхъыбэ кьащтэ зэрыхъуар щыхьэт тохъуэ экономикэр хуэмурэ зэрызэфIэувэжым», - къыхиригъащ Урысейм и «Мэкъумэшбанкым» и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщI Сокъур Алим.

Фигу кьэдгъэкIыжыщи, «Мэкъумэшбанк» акционер обществэр - Урысейм и агропромышленнэ комплексым Іуэхутхьэбзэ хуэщIэныкIэ и лъэпкъ финанс-кредит системэм и лъабжьащ. Ар 2000 гъэм къызэрагъэпэщащ икIи Іэщ1элъ мылькумрэ зэфIигъэкI ІуэхутхьэбзэхэмкIэ къэралми дунейми щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыщ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ДыгъуакIуэр къыщIагъэщ

Мэлыжьыхьым и 8-м Инстаграм социальнэ сетым къралъхьащ Нартхъалэ дэт сату Іуэхущ1эIэхэм я зым цIыхухъэм ерыскъыхэкI къызэрыщидигъуэ теухуа ролик.

УРЫСЕЙ МВД-м Аруан районымкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым яубзыхуащ бзаджащIэр. Ар нэхъапэмэ мызэ-мытIэу суд зэтращIыхьа, илъэс 31-рэ зи ныбжь а щIыпIэм щыщ цIыхухъурщ.

Щэч зыхуащIхэр яубыд

Республикэм и хабзэхъумэхэм яубыдащ наркотикхэр ирагъэкIыу щэч зыхуащIхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъыныгъэ и управленэм, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм я лэжьакIуэхэм, «Гром» гуп хэхар я щIэгъэкъуэну Налшык къалэм щаубыдащ илъэс 23-рэ зи ныбжь щIалэщIэмрэ абы и цIыхугъэ щаубыдэзымрэ. Зэрауб5ыхуамкIэ, щэч зыхуащIэр зэгурыIуауэ, щэху гъэтIылъыпIэхэр кьагъэсэбэпурэ, Налшык кьалэм щрагъэкIырт наркотикхэкIхэр.

ЩIыпIэхэр кьащащым кьагъуэтащ полимер зэкIуэщIышхьа 42-рэ. Экспертизэм кьизэригъэльэгъуамкIэ, абыхэм якIуэцIыпIэт героин грамм 23-рэ.

Кьэлъыхъуэныгъэ Іуэхухэр щагъэхэлъхьэкIым, яубыда цIыхубзым яригъэльэгъауэ Налшык къала округым кьыщигъэсэбэп гъэтIылъыпIэ щэхур. Абдежым кьыщагъуэтащ порошок вещество хужь зэрылъ полимер зэкIуэщIышхьауэ 10. Экспертизэм кьызэригъэльэгъуамкIэ, ар метадон наркотикхэкIщ.

Щэч зыхуащIэм теухуа уголовнэ Іуэху кьаIэтащ.

Щакіуэ фоч

2021 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м Урысей МВД-м Тэрч районымкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм, полицэм и участковэ уполномоченнэхэр ядэщIыгъуу, щIыпIэм щыпсэу илъэс 50 зи ныбжь цIыхухъэм и лъапсэр щыщIащIыкIым кьагъуэтащ фочым ещхь Іэмэпсымэрэ вещество щащэ зэрылъ банкITIрэ.

ЭКСПЕРТИЗЭМ кьигъэлъэгъуам тепщIыхьмэ, кьытрахар «ИЖ-К» щакIуэ фочыр, гъэуэным кьытIасэу. Абы дэщIыгъуащ гъэ грамм 687-рэ.

Уголовнэ Іуэху кьаIэтат. Щэч зыхуащIым щыпIэр имыбгынэну хуагъэуващ.

УАРДЭ Жантинэ.

Мэлыжьыхьым и 8-м ди газетым тета «Ажэгъуэмэ» псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

ЕкIуэкIы: 13. ТхьэкIумэкIыхьдз **14**. Ажэгъуэмэ **15**. Мэзтхьэрыкъуэж **18**. КIарц **19**. Санэху **20**. Шапцlэ **21**. Кьадзыху **22**. Арджэн **23**. Мыкъут **28**. Кьудас **29**. Къэбыстэ **30**. Кьэрэгъэш **31**. Хуэшэ **33**. Нып **35**. Шыфтыхунэ **36**. МышхумпIэ **38**. Кьамылыпхъу **40**. ЩIымэракIуэ **43**. Сэрэбгъэуэ **44**. Пкъыно **45**. Чэщей **46**. Уэгъэгъин **50**. Сэхурангъэгъу **53**. МэракIуапцIэ **55**. Хьэхъыршдзэгу **58**. Мещым **59**. Шыпыч **62**. Шэдыгъуей **63**. Нэратей **64**. Пхъы **65**. Къэб **66**. Пунэлат **70**. ДжэдуукIэ **71**. Нозыр **72**. Кьуэлэн **74**. Мыщщхупщей **77**. Кхъужьыэрысей **78**. Жэгундапкъэ **85**. БлэпщыпIэ **87**. Ташын **88**. Банэху **89**. ПхъэбгъуПъэгу **93**. Пхъэмыфей **94**.Іэгъэбэгу **96**. ХьэсапIэжь **97**. ХьэкIэзэпх **99**. Ажэ **101**. Тхъуий **102**. ШэгъэфIэIу **103**. Нэрыльагъу **104**. ЩIыдз **107**. Нащэ **108**. Банэжь **109**. ХьэщIэщ **110**. Балий **111**. Шэрэз **112**. Мэкъут **117**. Шэмэджгъэдыргъ **118**. Бжьэхъунудз **119**. ПсыпщIэсэрэш.

Кьеыну: 1. ХьэкIуэ **2**. Псылъэдзэку **3**. Батыргъан **4**. Бжьын **5**. Тхъэрыкъуэфдзэгу **6**. Хьэуан **7**. ТIуп **8**. БэрэтIинэ **9**. КIэпкъжьэпкъ **10**. Дзал **11**. Кьэлэр **12**. Мэлыхъуэсабын **16**. Нартыхупкъэ **17**. МыIэрысей **24**. Балыджэ **25**. Шырыпl **26**. Шэджыдз **27**. Хуэрэджэ **32**. Андэгурэ **34**. Дыкъуэнагъ **37**. Пынэ **39**. Ашэху **41**. Лэгъунлей **42**. Дунажьин **47**. Кьуэтыр **48**. КIыр **49**. Кьуэныжь **51**. Мэжджьитжыг **52**. Хьэдзакъэрей **54**. Мэшыпкъэ **56**. Зейнэпцl **57**.Іуданэ **58**. Медан **60**. Чэтэн **61**. Щтауч **67**. Тобылэгъу **68**. Пыжьей **69**. Хьэджэш **70**. Джэшнэпцl **73**. Зэрыджей **75**. ХуГъуэ **76**. Банэдзэгу **79**. Алмэстыщхьэц **80**. НащагъэфIэIу **81**. ВыкIэ **82**. Гъашэ **83**. Кьэдабэщиху **84**. ХьэцэпцэцэхэкI **86**. Псыкъуий **90**. Гъудэгын **91**. Хьэдзэл **92**. Кхъужьныжь **95**. Гуащэщьхэц **96**. Хьэцыбанэ **98**. Кьэлэрдзэгу **100**. Дахэкупсэ **105**. Гъабгъэ **106**. Хьэгъэжь **113**. Куэкум **114**. Ару **115**. Псы **116**. Вэбзд.

● Тхыдэ

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 17, *щэбэт*

♦Гемофилием (лъыр пцIэным пыщIа узыфэщ) и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Къэрал кIуэцI ІуэхухэмкIэ и органэхэмрэ къэрал кIуэцI дзэхэмрэ я ветеранхэм я махуэщ. 2011 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.

♦Сирием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ (1946 гъэм ягъэуващ)

♦Японием щагъэлъапIэ сабийхэр хъумэным и махуэр

♦1492 гъэм Испаниием и пащтыхь Фердинанд, абы и щхьэгъусэ Изабеллэ, Колумб Христофор сымэ Іэ тредзащ иужьрейр зекIуэ ежьэным ахъшэ хухэхьныем теухуа зэгурыIуэныгъэм. Колумб Индием кIуэныртар ар зытеухуар.

♦1877 гъэм Толстой Лев «Анна Каренина» роман цIэрыIуэр тхын ихащ.

♦1912 гъэм гуэзэгъуэшхэ кьыщыхъуащ Ленэ псым декIуэкI, мэз дзэгум щыIэ дыщэ кьыщIэхьыпIэм. Я мыарэзныгъэхэр, зэрыдакъуэзэр кьыщыгъэлъэгъуа тхыгъэр прокурорым иратыну я мураду кьежьа лэжьакIуэ гупым ІэщэкIэ еуэну унафэ ящIащ ахэр зыгъэлажьэхэр. ЦIыху минищым щыщу а махуэм 270-рэ хэкIуэдащ, 250-м щIигъу уIэгъэ хъуащ.

♦1992 гъэм ди кьэралым официальнэу игъэтащ «Урысей Федерацэ», «Урысей» цIэхэр.

♦ 2005 гъэм Урысейм щекIуэкIащ Красноярск крайр, Таймырыр, Эвенкиер зэгуэгъэхьэным теухуа референдум. Абы хэтахэм я процент 92,44-м кьагъэлъэгъуащ щыналъхэр зы хъуным зэрителъхьэр.

♦Актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Щукин Борис** кьызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу. Абы и цIэр 1939 гъэм Театр училищэм фIащащ. А училищэр кьаухащ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ куэдым.

♦Совет къэрал кьулыкъущIэ, 1953 - 1964 гъэхэм СССР-м и унафэщIу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм щэнейр и ЛIыхъужь **Хрущёв Никитэ** кьызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦УэрэджьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артистэ **КIуаш Верэ** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м щIыхь зиIэ и машинэхуэр **Ахъуэхъу Анатолий** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦«Краснодарпроектстрой» Іуэхущ1эIэпIэм и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Тутэрыщ Батырбий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦УэрэджьакIуэ, Урысейм и цIыхубэ артистэ **Валерие** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Перфиловэ Аллэщ**) и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу

♦Къэрал лэжьакIуэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дол Анжелэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэр уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 18, *тхьэмахуэ*

♦Фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэмрэ я дунейпсо махуэщ

♦Радиор фIыуэ зыльагъуэм, ар зэпкърыльхьэным дихьэххэм я дунейпсо махуэщ. 1925 гъэм Радиор фIыуэ зыльагъуэм я дунейпсо зэгуфхэныгъэр кьызэрагъэпэщащ.

♦Циркым и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и дзэ щIыхьым и махуэщ - 1242 гъэм Невский Александр и зауэлIхэр нэмыцэдзэхэм Чудскэ гуэлым деж зэрыщытекIуам и щIыхькIэ ягъэуващ.

♦Украинэм и щIыуэпсыр хъумэным и махуэщ

♦Зимбабве къэралым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1902 гъэм щIэпхъаджагъэр зылэжьар щыззэхагъэкIыным япэ дыдэу кьагъэсэбэпащ дактилоскопие жьхуаIэ Іэмалыр - Іэпапlэр зейр кьэхутэныр. НаIуэ кьэхъуакIэт зэщхьу Іэпапlитl дуней. Зэрытемытыр, Кьэпщытэныгъэр щрагъэкIуэкIар Даниерэщ.

♦1922 гъэм Москва и уэрамхэм япэ автобусхэр кьыдыхьащ. ЦIыхуи 10 -14 фIэкIа зэрымыхуэ, щхьэ тIэкIу зытелъ шыгу зэщIэщIахэм я пIэкIэ цIыхухэр кьрашэкIыу щIадзащ автобус зэпэщхэмкIэ.

♦1923 гъэм, Дзержинский Феликс и жэрдэмкIэ, СССР-м кьыщызэрагъэпэщащ «Динамо» спорт зэгухьэныгъэр.

1923 гъэм Мысырым и конституцэр кьащтащ.

1946 гъэм Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэр кьызэрызэрагъэпэщам кьыхэкIыу, Лъэпкъхэм я Лигэр зэрызэбграуТIыпщыкIыжым теухуа хъыбарыр Женевэ хэIуцIыIу щащIащ.

1949 гъэм Ирландиер Инджылызым кьыхэкIащ икIи республикэ щхьэхуэ хъуащ.

1970 гъэм ягъэльэгъуащ композиторхэу Балэ Мухьэдинрэ Кьардэн Хьэсэнрэ ятха япэ адыгэ оперэр - «Мадинэр».

♦Совет актёр щIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Вицин Георгий** кьызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м и цIыхубэ артистэ **Немоляевэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Балетым и кьэфакIуэ, хореограф, СССР-м и цIыхубэ артист **Васильев Владимир** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Балъкъэр Руслан** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 19, *блыщхьэ*

♦Ажэгъуэмэм и махуэр щагъэлъапIэ дунейм и къэрал куэдым

♦Урысейм Къэрал кIуэцI ІуэхуэмкIэ и министерствэм и юридическэ къулыкъум и махуэщ

♦Крымыр, Таманымрэ Кубанымрэ Урысей империем щыхагъэхьа махуэщ. Мы гъэм ар япэу ягъэлъэпIэнущ, 2018 гъэм и щыщхьэIуэм кьащта федеральнэ законым ипкъ иткIэ. 1783 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м Екатеринэ ЕтIуанэм, Потёмкин Григорий и чэнджащIэ, Іэ щIидзащ Къырымымрэ Кубань областымрэ Урысейм щыщ щIыналъэу къэлъытэным теухуа унафэм.

♦Урысей полиграфием и махуэщ. 1563 гъэм Урысейм щыяпэу Фёдоров Иванрэ Мстиславец Пётррэ я типографием Москва лэжьэн щыщIидзащ.

♦Урысейм гъущIэкIэхэм елэжьыж и промышленностым и лэжьакIуэм и махуэщ

♦Венесуэлэм егъэлъапIэ и щхьэхуитныгъэм и махуэр

♦1935 гъэм СССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ «Спартак» зэгухьэныгъэр. Апхуэдэ цIэ абы фIащыну кьыхъэзылъхьауэ щытар совет хоккеист, футболист Старостин Николай: «Спартак» футбол командэм и къэзэгъэщакIуэри арат.

♦1943 гъэм Совет Союзым кьыщызэрагъэпэщащ «Смерш» тIасхъэщIэх Іуэхущ1апIэ щэхурылажьэм и управленэ нэхъыщхьэр.

♦1970 гъэм Волжскэ автозаводым кьыщыщIагъэкIащ «ВАЗ-2101» автомобиль лIэужьыгъуэщIэр. ИужькIэ абы цIыхухэр «кIэпIейкIэкIэ» еджэу щIадзащ.

♦Совет тхакIуэ, сценарий куэд зи къалэмыпIэм кьыщIэкIа, Сталиным и сугъэтыр зыхуагъэфэща **Каверин Вениамин** (и унэцIэ дыдэр **Зильберщ**) кьызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Литературэдж, филологие щIэныгъэхэм я доктор, УФ-ми АР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академикыу, ДАХ-м и президенту щыта **Щхьэлахъуэ Іэбубэчыр** кьызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, драматург, КъБР-м гуащэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Журт Биберд** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Урысей журналист цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэта, ИТАР-ТАСС-м и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа **Игнатенкэ Виталий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Беслъэней Эдуард** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисисткэ, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, 2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Олимп Дзэгуэм дыжьын медаль кьыщызыхьа **Шараповэ Марие** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 8 -11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Пцы зыупсыр щхьэщытхъущ, зызыгъатхъэр джэгуакIуэщ.

● Кикбоксинг

Куэшмэн Инал мардэр егъэзащIэ

Якутск къалэм щызэхэтащ кикбоксингым и К-1 лIэужьыгъэмкIэ Урысейм и зэхьэзэхуэр чемпионатрэ. Абы и саугъэтхэмрэ дунейпсо зэхьэзэхуэм къыщыхьэхуэмрэ щIэбэнащ къэралым и щIыналъэ 43-м къыкIа спортсмен 370-рэ.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 57-м нэблагъэхэм я зэхьэзэхуэм и финал зэпэщIэтыныгъэм ди лъэпкъэгъу Куэшмэн Инал щытекIуащ турнир таблицэм щыпашэ Тува щыщ Маадыр Оржак икIи илъэс 17-18-м итхэм я зэхьэзэхуэм пашэ щыхьащ. ЗыIэригъэхьа екъулIэныгъэ лъагэм и мызакъуэу, Инал игъэзащIащ Урысейм спортым и мастерым и мардэр.

Спортсменыр егъэсэ Куэшмэн Рустам.

ЖЫЛАСЭ Замир.



Едыдж Батырай 1946 гъэм Тыркум, Елэмэ къуажэм къыщалъхуащ. Хайдельберг университетым (Германием) щеджащ, абы илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ. Филологие щIэныгъэхэм я докторщ, адыгэ IуэрыIуатэ куэд зэхуихьэсыжащ. Нарт эпосыр щихутэ лэжьыгъэ иIэщ. Мейкъуалэ къигъэзэжауэ, Адыгэкъэрал университетым щрегъаджэ.

Мейкъуалэ къыщыдэкIащ Едыдж Батырай Тыркум щытхъжа хъыбархэр щызэхуэхьэса «Удыхьэшхынымэ, къеблагъэ» тхылъыр. Щыгъуаз фыдощI Батырай итхыжа хъыбархэм.

Адыгэ хъыбархэр

Тхьэджэд

ТХЬЭДЖЭДЫР япэ щалъэгъуам, жыгыщхьэм итIысхьэри, зылI тхьэм зыхуигъэгусащ:

- Уи джэдыр ину къэбгъэщIащ, дэ укъыдзэрытхуэупса джэдыр щыкIущ - уигу щхьэ къыдэбгъа? - жери.

Уафэгъуагъуэм зыкъызэщIищIащ асыхьэтым, щыблэ уащ.

- Тхьэр къыпхуэгубжьащ: щыблэм уимыкI щыкIэ жыгым къэхьж, - жраIащ жыгыщхьэм тес лIым.

Тхьэджэд - гъэгуш (адыгеибзэкIэ).

Сыт ар щIыдэмыхуэнур?

1930 ГЪЭХЭМ Тыркум унафэ къыщащтэгъащ тыркубзэкIэ фIэкI упсэлъэну ухуимыту. Тыркубзэ зымыщIэ адыгэ цIыхубзитI къалэм кIуат абы щыгъуэ. АдыгэбзэкIэ псалъэурэ уэрамым здыдэтым, зым игу къэкIыжащ тыркубзэкIэ мыпсалъэмэ, тезыр къыпраIуахьэнкIэ зэрыхъунур. Адрейм жиIащ:

- Мыпхуэдизыбзэр зыдэхуэ мы къалэшхуэм ди адыгбзэ дахэ цIыкIури дэхуэнщ.

Тезырым щхьэкIи шынакъым цIыхубзитIыр: къалэм дэтыху адыгбзэщ зэрызэпсэльар.

Лазымрэ хъунщIакIуэмрэ

ТЫРКУМ япэ нэса адыгэхэр Дюзджэ щIынальэм щетIысэхащ. Дюзджэрэ Болурэ я зэхуаку мэзышхуэ дэтащ, зы гъэгу кIуэцIрыкIыIу. Мэзым хъунщIакIуэ щIэсащ, гъэзугрыкIуэхэр яхъунщIэу.

Зы лаз (куржы) Болу икIынурэ Дюзджэ кIуэнути, кIэрахъуэ зыкIэрищIэри шэсащ. «Мэзым щIэкI гъэзгум утемыхьэ, - жраIащ лазым, - уахъунщIэнщ». «Си бгым ищIа кIэрахъуэр флъагъурэ? Сахуэгъэзащ хъунщIакIуэм»,- жери лазыр гъэзгу техьащ. Здежьам нэсри, къигъэзэжащ лазым, ишри и кIэрахъуэри хъунщIакIуэм IэщIагъэкIауэ.

- Шыри кIэрахъуэри дэнэ пхьа? - еупщIащ лазым.

- Си кIэрахъуалъэр зытрезгъэхакъым. Ар страхамэ, хъунщIакIуэм есщIэнур ящIэртекъэ! - жиIащ лазым.

Сыщlемыгъуэж щIыкIэ

МЭЗЫМ щIыхьауэ, зы ермэлы сатуущIэ хъунщIакIуэм иубыдащ. ХъунщIакIуэм гущIэгъу зэримыIэр ищIэрти, сатуущIэр къэушащ.

- СумыкI закъуэ, узыхуейр уэстынщ, - жиIащ ермэлым.

ХъунщIакIуэм и гур нэхъ щабэ къэхъуащ.

- УзукIынкъым, мусЛымэн диным кьихьи, узутIыпщынжыщ, - жиIащ хъунщIакIуэм.

- НэгъэщI кIыспумыбыдмэ, мусЛымэн диным сихьэнщ, ауэ сыт абы щхьэкIэ сщIэн хуейр? - жиIащ ермэлы затущIэм.

Апхуэдэ жэуап пэплъакъым хъунщIакIуэр: и щхьэм щIэтIахъуэри:

- Сэри сщIэркъым абы щхьэкIэ пщIэн хуейр, сыщIемыгъуэж щIыкIэ зыIуегъэж, - жриIащ ермэлым.

«Шыдыгъум» и жэуап

КъАЙСэР кьалэм адыгэ щIалэ гуэр дэсащ. «Шыдыгъу» абы и ныбжьэгъухэр къызэреджэр - ар цIэ лей хуэхъуат, езым зихъунщIэми. А цIэ лейр игу темыхуэж хъури, щIалэм и ныбжьэгъухэм яжриIащ:

- Дэ дышыдыгъукъым. Мыдэ фыкъызздаIуэ.

И зы ныбжьэгъу и цейр зыщитIэгъащ щIалэм, цейр зейм еупщIащ:

- Мы цейр хэт ей?

- Сысейщ, - жиIащ ныбжьэгъум.

- Пэжщ, ууейщ. Мэ, уэотыж уи цейр, - жриIащ цейр зейм. - Шым и Iэхъури апхуэдабзэщ. Шыр адыгэм, махъшэр хьэрыпым, шыдыр Тыркум къахуигъэщIащ Тхьэм. Тхьэм къытхуигъэщIар ди Iэмыщ1э идубыдэж фIэкI, къэддыгъуркъым.

ТIысыпIэ къыщIылъэсар

ДЭЗ къулыкъым яшэ щIалэхэм яхэту, Дзыбэ Алий мафIэгум ирагъэтIысхьащ. ТIысыпIэр яхурикъуатэкъыми, и ныкъуэр зэфIэтын хуей хъуащ. Дзыбэ Алии кьыльсасакъым тIысыпIэ. ЗдэкIуэм, Дзыбэ Алий кьыбгъэдэтыр къыщIыхьащ, абы езэуэну хуейтэкъыми, хуэгубжьащ:

- ЗыIуегъэх!- жери.

Арщхьэкlэ модрейр къедэIуакъым, нэхъри къыззрыкIащ. ФIыкIэ щыхэмызагъэм, Дзыбэ Алий къыщIыхьар къриудащ, абы къыщхьэщыжахэми удын якъуилъхьащ.

Щыхсэм ящыщ зы къеупщIащ Дзыбэ Алий:

- Уэ уадыгэ?

- Сыадыгэщ.

- Мыдэ къакIуи, къызбгъурытIысхьэ, уадыгэмэ.

Алий тIысыпIэ къыльагъэсащ, зэрыадыгэр щажриIэм.

Хьв уасэ

ГЕНЕН кьалэ зы адыгэ кIуащ. АдыгэбзэкIэ зэрыпсальэр щызэхихьи, лIым полицейр къыбгъэдыхьащ.

- Сытыбзэ уэзрыпсальэр? - къеупщIащ полицейр.

- Адыгэбзэщ.

- Адыгэбзэкlэ упсалъэ зэрымыхъунур щхьэ умыщIэрэ? Тезыр птын хуейщ - псалъэ къэс дыщитху, - къыпиубыдащ полицейм.

- Сэ тыркубзэ сщIэркъым, - жиIащ лIым.

Полицейм едауэрэ, тезырыр дыщэ щитхум нигъэсащ лIым. Дыщэ (лиирэ) щитхур ахъшэщхуэт абы щыгъуэ - 1930 гъэхэм. Сыт ищIэнт лIым: хьв закъуэ иIэти, ищэжри, тезырыр ипшынащ.

Зи Iыхьэр зыфIэмащIэ

УНАГЪУЭ гуэрым я зы щIалэ мэлыр дихуурэ игъэхъуакIуэрт. Пщыхьэщхьэм къыдыхьэжамэ, Iэнэ хуагъэувырти, ягъашхэрт щIалэр, ауэ зигъэщIыртэкъыми, Iэнэм къыщIэпэрыкIыжкIэ гъмэтIымэрт:

- Сэ къысхутефлхьэ Iыхьэр нэхъ мащIэращ, - жиIэурэ.

И адэм хуэмышэчыж щыхъум:

- ЩIалэм и Iэнэм шхыныр тез фщIы, - жиIащ.

Iэнэ лъакъуищым шхыныр тез ящIащ зыпщIыхьэщхьэ. Iэнэм тралъхьам и ныкъуи хуэшхакъым щIалэм, итIани къыщIэтэджыжым гъмэтIымащ.

- Сыт иджыри: зыбгъэнщIакъэ? - къеупщIащ щIалэм и адэр.

- Сэ мыпхуэдиз къыщIыскутевгъэувакIэ, фэ фшхар Тхьэм ищIэнщ, - жиIащ щIалэ угурсызым.

Си фIэщ мэхъу

ЗЫ КЪУАЖЭ лIыфI гуэр дэсащ, и нэмэз уахъты блимыгъэкIыж. Кьуажэм зы щIалэ дэсти, нэмэз ищIын идэртэкъым:

- Сэ Тхьэр си фIэщ хъуркъым, - жери.

ЛIыфIыр Тхьэм елъэIуащ:

- Уэ уэзрыщIэр мы щIалэм и фIэщ щIы, - жери.

ЩIалэр губгъуэм шыгукIэ дэкIащ зэгуэрым. Ар губгъуэм здитым, дунейр къызэIыхьэри, уафэр гъуэгъуащ, щыблэ уащ. И псэр IукIаеу, щIалэр кьуажэм дыхьэжащ, уафэ гъуэгъуэри щыблэри увыIакъым, ар и унэ ихьэжкъу. Нэху игъэщIри, лIыфIым деж кIуащ щIалэр.

- Тхьэм гущIэгъу къыскуищIри, сыкъихъумащ, иджы си фIэщ хъуащ Тхьэр зэрыщыIэр, - жриIащ щIалэм лIыфIым.

Тырку щIалэм Елэмэ игу ирохь

ИНСТИТУТЫР кьиуха нэужь, зы тырку щIалэ Елэмэ къуажэ ягъэкIуащ, зыхуеджар егъэджакIуэ Iэщ1агъэти. Картэм елIри, Елэмэ кьуажэр бгым зэрисыр зригъэщIащ - ар игу ирихьакъым тырку щIалэм. ИтIани сыт ищIэнт: кьалэн къыщащIати, кIэн хуейт. Шыгутедзэ къищтэри, ежьащ. Гъэгу тетыху, шыгузехуэм и жьэр увыIакъым (шыгузехуэр Елэмэ щыщт): «Ди къуажэр дахэ дыдэщ, дэсхэри цIыхуфI защIэщ». Тырку щIалэм и фIэщ хъуакъым ар: къуажэ пхыдзам зэрагъакIуэр фIэфIтэкъыми.

Къуажэм нэса нэужь, шыгузехуэм къъжриIар зэрыпэжыр и нэкIэ илъэгъуащ тырку щIалэм: кьуажэ зэпэщщ, унэхэр щхьуантIагъэм щIигъэнащ. Къуажэм дэсхэр къыщIигуфIыкIащ егъэджакIуэм, хьэщIагъэ кьрхащ. КIэщIу жысIэнщи, яхэсыхьащ. Фыз кьишащ. Къишар Елэмэ и гъэнэгъу тырку кьуажэм щыщ пщащт.

ХьэгъуэлIыгъуэр адыгэ къуажэм, Елэмэ, щрагъэкIуэкIащ. Щауэмрэ нысащIэмрэ я фэтэрым ирашэжащ. Адыгэм, зэрахабзэу, жэщым джэдурэ дзыгъуэрэ уэнжакъымкIэ щIадзащ зэгъэнэм. Абы кьрагъэкIыр къыгурыIуэри, тырку щIалэм адыгэбзэрэ адыгэ хабзэмрэ зригъэщIащ иужьым.

Нэхъ згъэщIэгъуар

ГЕРМАНИЕМ щыщ зы кьалэ убых унагъуэ дэсти, нэIуасэ дыззэхуэхъури, сграгъэбгъащ. Я нанэм илъэс пщIей и ныбжьт, адыгэбзэкIэ сыщепсальэм, гуфIащ, и нэпсым кьыззэпижыхьащ. Заул дэкIри, унэм нэгъуэщI хьэщIэхэри кьихьащ - ахэр тыркут, я гъунэгъут. Сыззрыадыгэр щажесIэм, кьыссщыгуфIыкIащ тырку хьэщIэхэр. Абы ящыщ зым мыр кьыскуиIуэтэжащ:

- ИлъэсипщI ныбжьым сихьауэ, ди адэм селъэIуащ: «Кьадыдэщ, дэсхэри цIыхуфI защIэщ». Тырку щIалэм и фIэщ хъуакъым ар: кьуажэ пхыдзам зэрагъакIуэр фIэфIтэкъыми.

Къуажэм нэса нэужь, шыгузехуэм къъжриIар зэрыпэжыр и нэкIэ илъэгъуащ тырку щIалэм: кьуажэ зэпэщщ, унэхэр щхьуантIагъэм щIигъэнащ. Къуажэм дэсхэр къыщIигуфIыкIащ егъэджакIуэм, хьэщIагъэ кьрхащ. КIэщIу жысIэнщи, яхэсыхьащ. Фыз кьишащ. Къишар Елэмэ и гъун

● Іуэрыіуатэ

ХЬЭЩІЭ

ШукІасэ зы шу къеджащ:
- ШукІасэ! - жери.
ШукІасэ хъэщІэщым икІащ.
- Еблагъэ!
- Себлэгъэнущ, - жиІащ шум, - сыбгъэхьэщІэфынумэ. Себлагъэмэ, уи хьэщІэщым мазищкІэ сисынущ. Махуэ къэс зы мэл схуэбукІынщ, сишми зы мэкъу Іэтэ ишхынущ махуэ къэс, зы шы Іэдэжи сІыгъщи, абыи махуэ и зы Іэтэ ишхынущ. Ар пхуэзфІэкІынумэ, себлэгъэнущ.
- СхуэзфІэкІынущ, - жиІащ ШукІасэ, хьэщІэр хьэщІэщым иришащ, и шымрэ и шы Іэдэжымрэ шэщым щІигъэзэгъащ.
Хьэщ1эр хьэщІэщым ихьэри, мазищкІэ исащ. МазищкІэ эдисым, махуэ къэс зы мэл ишхащ. Мазищыр кІуэри, хьэщІэм жиІащ:
- Іэхьы, ШукІасэ, нахІуэ иджы, шым дегъэплъ.
ШукІасэ шым я ныбэ игъэныкъуатэкъыми, хьэщІэр арэзы хъуащ.
- Гъэзгу дытехьэнущи, уи шым къэшэс, - жиІащ хьэщІэм.
ШукІасэ и шыр шэщым къыщІишащ. Шым и кІэпкъым къекъури, хьэщІэм ШукІасэ и шыр пхэщІкІэ игъэтІысащ.
- Ар шы пхуэхъунукъым, гъэгум укъытринэнщ. Си шы Іэдэжым къэшэси, нежьэ, - жиІащ хьэщІэм.
Хьэщ1эмрэ ШукІасэрэ гъэзгу техьэри, мазищ гъэзгу якІуауэ, хы тІуащІэ нэсащ.
- Иджы, - жиІащ ШукІасэ и хьэщІэм, - сэ мы тІуащІэм сыдыхьэнущ, уэ хы Іуфэм къыщыспэплъэ. Зы тхьэмахуэкІэ къэзмыгъаазэмэ, кІуэж, укъыщыспэплъэжын щыІэкъым.
ШукІасэ и хьэщІэр хы тІуащІэм дыхьащ.
Зы тхьэмахуэ дэкІауэ, хы тІуащІэм шыбз гуартэ къыдихури, ШукІасэ и хьэщІэм къигъэзэжащ:
- Упсэу? - жери.
- Сыпсэущ, - жиІащ ШукІасэ.
- Упсэумэ, шыбзым и ужь къиувэ, сэ шыбзым и пэ сиувэнщ. Хы тІуащІэм зы шу къыдэкІынущи, и гугъу умыщІ, ар зыхуэйр сэращи, ныблэгъэкІ, - къыжриІэри, ШукІасэ и хьэщІэр шыбзым и пэ иуващ.
Зы теуэгъуэ якІуауэ, хы тІуащІэм къыдэкІа шур ШукІасэ къыщыхьащ.
- Шыбзыр зыхур хэт? - къыщІэгубжьащ шур.
- Зыхур плъагъунщ, ущІыхьэмэ, – жери шур блигъэкІащ ШукІасэ.
Шур, ихъу-илъри, и джатэ кърихауэ блэжащ.
- Мыбы игу фІы илъхьам, - жери ШукІасэ шум и ужь иуващ.
Хы тІуащІэм къыдэкІа шумрэ ШукІасэ и хьэщІэмрэ уанэгум кІыззэриудауэ, ШукІасэ ящІыхьащ: хы тІуащІэм къыдэкІа шум и псэр хэкІат, ШукІасэ и хьэщІэри лъым хэлът.
- Сыт къэхъуар, щхьэ фызэрыукІа?
- Зэшибл дыхъурти, си хьэщІэр мыбы къиукІащ, - жиІащ ШукІасэ и хьэщІэм. - Мыбы и шыбзыракъым сыкъызыІьэжащ, и щхьэрати, силь сщІэжащ. Си бийм и щхьэр уанэкъуапэм епхи, си шыр утыпщыж - игугъэгъуэщнукъым. Сэ гъащІэ сиІэжкъым, си псэр хэкІмэ, сыщІалъхьэжи, шыбзыр зу.
Ар жери ШукІасэ и хьэщІэм и псэр хэкІащ, и къуэшихым ялъ ищІэжауэ. Хьэдэр щІилъхьэри, зэшиблым я бийм и щхьэр уанэкъуапэм ирипхащ, шыбз гуартэр къызэщІикъуэжри, ШукІасэ гъуэгу къытехьэжащ.

● Дунейм и щІэрэщІэгъуэ

Гъатхэ теплъэгъуэ.
Сурэтыр Къарей Элинэ *трихащ.*

● Псалъэжьхэр

Псапэ куэд хъуркъым

♦Уи гуащІэ еплъи, уи лъэ гъэбакъуэ.
♦Уи ин жиІэнщ, уи цыкІу иІуэтэжынщ.
♦Уи псалъэ гъэІэси, уи нэмыс гъэбыдэ.
♦Уи шым ижынур пщІэжын хуейщ.
♦Унэм зыщыгъаси хасэм яхьыхьэ.
♦Чэзу зимыІэ щыІэкъым.
♦Щхьэж и зекІуапІэ и кІуэдыжьпІэщ.
♦ЩІалэгъуэрэ дахэгъуэрэ зимыІэ щыІэкъым.
♦ЩІэблэ зыщІэмыхъуэр лъэпкъ хъуркъым.
♦Псапэ куэд хъуркъым.
♦Іэзэгъуэ зимыІэ узыгъуэ щыІэкъым.
♦Гур кІуэдмэ, лъэр щІэкІырыкъым.
♦Бзу кхъуей фІэкІа ямыІэ щыІэкъым.
♦Данэр лъапэкІэ зэрехуэ.
♦Насып зиІэм шыІэ иІэщ.
♦Пщы зыфІэпщым пщылІ къыпфІещ.
♦ЛІыгъэ щІапІэ лІы икІуадэркъым.
♦Адакъэр мыІуэкІи нэху щын къанэркъым.
♦Акъылыр жьыгъэ-щІагъэкъым.
♦Бжэн щынэ къилъхуркъым.
♦Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаІэщ.

● Гушыіэхэр

Сэ насып сиІэт, ахъумэ...

- Уэлэхьи, Хьэжбий, нобэ сыщІэфлъхьэж пэтамэ, - жиІащ Дизыкъуажэ и ныбжьэгъум щыхуэзам.
- Сыту, Іэгъу? Къэхъуар сыт?
- Насып уиІэмэ, сыт хэлъ, ахъумэ нобэ сэ къэплъагъур метрибгъу зи кІыхьагъ пкІэлъейм сыкъехуэзащ, ауэ...
- Е зиунагъуэрэ, абы дауэ укъела-тІа? - Хьэжбий гузавэу и ныбжьэгъур щызэпиплъыхьым:
- Аракъэ-тІэ, «ауэ» жыхуэсІэр. Сэ насыпыжьыр сиІэти, етІуанэ теувапІэм дежщ сыкъыщІехуэхар, - жиІащ Дизыкъуажэ.

СызэрыщыІэр къищІэнщ

ЦІыхухэм ауан къригъэщІын мурадкІэ Дизыкъуажэ фІыуэ къззымыплъагъу гуэрым хъыбар игъэІуащ ар кхуажэпщым и пхъум лъыхъу хуэдэу.
Хьыбарыр кхуажэ псом щызэлъащІысащ. Ар псоми зэхахауэ Дизыкъуажэ къыщищІэм:
- Псоми щызэхахакІэ, еэы пщым и пхъум дежи хъыбарыр нэсащ, куэду фІыщ. НэгъуэщІ мыхъуми, пщым ипхъу тхьэІухудым ищІэнщ сэри сызэрыщыІэр, - жиІащ абы.

ЖЫЛАУ Нурбий.

● Прозэу тха усэ

Лъагъуэ

Алэрыбгъу иным трапхъа налкъут хьэдзэ куэду, ваГъуэ цыкІухэр уафэм щолыд. Къыпщохъу ахэр зэІущащэ. Нащхьэ хъыпхуащІ. КъыпщогуфІыкІ. Зи дахагъэм иригушхуэж тхьэІухуд пцІанэу, мазэр утыкум исщ. Ар нуркІэ мэгуашэ... ЩІылъэри зиукъэдиируэ щылъщ, а жэщ уафэм худоплъейри. Тхьэгъэлэджхэр щыуСэ губгъэри, щэху Іэджэ зыгъэпщкІу мэз Іури, а псом къащхьэщытыж къурш лъагэри - псори, псори хосыхь псысэ дахагъэкІэ гъэнщІа жащ мамырым...
Мыпхуэдэ жащыр къызыхуигъэщІар лъагъуныгъэрщ. Хьэуам щыткІу псалъэхэрщ. Малъхъэдисыр зыщІэт нэхэрщ. Лъэнтхъуийуэ зыкъозышэкІ Іэхэрщ. Дыгъэ хъуакІэу якъэзыс бахэрщ...
Ауэ сэ си закъуэщ ныжэбэ... Си закъуэ дыдэщ... СокІуэ.. Согупсысэ... Зэуи Гукъэкіыжхэм сахуозэ... СогуфІэ... Сонэщхьей... Сощыгъуэ... Ауэрэ кызбгъэдохьэ Гугъэр... Ар си дамэм къытоуІуэ... Си Іэблэр еубыд... Сырешажьэ... Сыплъэмэ, - лъагъэщ... Мазэгъуэ жэщым хэкІуэдэж нурыбэ лъагъэщ...

ІУТІЫЖ Борис.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэш хьэнтхъупс, хугу хэлъу

Джэш лъэсар псы щІыІэм халъхъэри, мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр цыкІу ящри, шыуаныщхьэр техауэ дакъикъэ 25-30-кІэ ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. А псыр иракІут, шыуанар ятхьэщІ, псывэ щІакІэжри, тхъурымбэр къытрахыурэ сихьэтитІ, тІурэ нокъуэкІэ ягъавэ. Вэным дакъикъэ 15-20 иІэжу шыгъу хадзэ.
Джэшыр зэшхэкІа псыр иракІут, шыуаныр ятхьэщІри джэшыр иракІутэж. Абы шэ гъэпщта щІакІэ, зэ къытрагъэкъуалъэри хугу лъэса халъхьэ, зэІащІэри шыуаныщхьэр трапІэ. МафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху, дакъикъэ 15-18-кІэ ягъавэ.
Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапІэри дакъикъитху-хыкІэ щагъэт. Пщтыру Іэнэм трагъэувэ, фалъэм иту, шатэпс текІауэ. ЩІакъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): джэш плъыжьу - г 50, хугу - г 20, апэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000, етІуанэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000, шэуэ - г 400, шатэпсу - г 40, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.
Бжьын гъэлыбжьам: тхъууэ - г 30, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

Шэрэ форэ

Мы шхыныгъуэр сымаджэхэм иреІэзэн щхьэкІэ зэхалъхьэу щытащ. Сэбэпышхуэ яхуохьу шхалъэ, нерв, тхьэмщІыгъу уз зиІэхэм. Нэхъ къагъэсэбэпыр бжэнышэ хуабэщ, жэмышэ, хывышэ щІэмыхуахэри хъунущ, ауэ гъэпщтауэ щытын хуейщ. Шэ гъэхуэбам е гъэпщтам фо гъэткІуа халъхьэ, фІыуэ зэІащІэжри шхэн и пэ кьихуэу, махуэм щэ, зэрыхуабэу ираф.

Халъхьэхэр: шэуэ - г 250-рэ, фоуэ - г 40.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыльым къитхыжащ.

● ЖыІэгъуэхэр

ЦІыху Іейм къуищІэр епщІэжмэ...

♦Уежьауэ къэбгъэзэжыныр мыфІми, угубжьауэ къэбгъэзэжыфмэ фІыщ.
♦Зэмыфэгъу Іэджэу зэхэухуэна гум илъ бампІэр зэхэпхыжыну сыту гугъущэ!
♦ЦІыху Іейм къуищІэр епщІэжмэ, езым ещхь ухъунущ.
♦ЩІхьэл мывитІыр гъавэ имылъу куэдрэ зэщІихуэмэ, къоплъыщэри зэточ. Ещхьыркъабзэщ щхьэри. Псалъэ дыдж куэдым абы лей ирах, щхьэл мывэм ещхьу, зэбгъэпэщыжу зэтеплъхьэжи хъуркъым.

ЧЭГЪЭДУ Сэихьэт.

Псалъэзэблэдз

Мэлыжьыхьым и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **4.** Нахьтэ. **6.** Алъп. **7.** Щыхь. **9.** Тау. **10.** Бжы. **11.** Чэт. **13.** Шал. **14.** Нэд. **16.** Тхъупс. **18.** Тобэ. **21.** Арыкъ. **22.** Абазэ. **23.** Тохуэ. **26.** Тэрч. **27.** Ригэ. **28.** КІыщ. **30.** КІей. **31.** Тут. **33.** Мэкъу. **34.** Хъушэ. **35.** Цей. **37.** Хуэкъуэ. **39.** Шырыкъу.

Къехыу: **1.** Пащты. **2.** Щтауч. **3.** Гулъ. **5.** ЛІы. **6.** Анэл. **8.** Хьэкъун. **10.** Бахъуэ. **12.** Тобэ. **13.** ШынакъыкІ. **15.** Дамэлей. **17.** Сибэч. **18.** Тэзыр. **19.** Цым. **20.** Боз. **24.** КІэщт. **25.** Бгыкъу. **29.** Щхьэц. **30.** КІынтэ. **32.** Тхъурыжь. **33.** Мэзылі. **36.** Ер. **38.** Кхъуэ.

Хьэщыкъуей Олег

Сабийхэм папщІэ

Гъатхэ

Гъатхэ, гъатхэ -
Нэ къуэлэн.
Мазэ набдзэ
Дахэ.
Дыгъэм щхьэцыр
Хуеухуэн,
Жьым щхьэцпыщІэ
Хепхэ.
Удз ІэлъэщІыр -
ЩІым хуидар –
Теубгъуащ
И дамэм...
ТхьэІухуд
Сурэту сщІащ –
Ещхьыркъыбзэщ
Мамэ!

Оксанэ

Зи гугъу фхуэсщІыну,
Оксанэ жыхуэсІэр,
Іэсэу гъэсауэ,
Уасэ имыІэу,
ИІэр игуэшу,
ГушыІэ фІэфІу,
ФІыр зэхищІыкІыу,
ЩІыкІафІэ цІыкІущ.
ЦІыкІуми и ныбжьыр,
Бжьэм щымышынэу,
Щынэ имыщІэу,
ИщІэм уехъуапсэу,
Псэ къыхигъакІэу,
ПкІауэу къыпкІыхьу,
КІыхьу мыпсалъэу,
Псапэри къихьрэ
Къихьари къуиту,
Итар мыкІуэду,
Куэд къратыжу,
Пэжу щыту...
Зэрыщыту зэрыхъур –
ИлъэситхУ къудейщІ!..

Къэсшэнут ди унэм

Къэсшэнут ди унэм
жираф,
ЩІам къытхимылъхьэну
Іисраф...
Къэсшэнут ди
унэм махъшэ,
Сыхъуамэ къэзлэжьу
ахьшэ...
Къэсшэнут ди унэм
благъуэ,
Къысхуадатэмэ
унагъуэм...
Къэсшэнут унэм
хьэщхьэвылъэ –
Хъуркъым зыри
абы теплъэ!..

Нобэ бжэкІэ зэзгъэщІащ

Нобэ фІыуэ
Сылэжьащ, -
Нобэ
Бжэкіэ зэзгъэщІащ:
Зы, тІу, щы,
ПІы, тху, хы...
Мис аращи –
Къыпызощэ:
Блы, и, бгъу...
Бгъум кІэлъыкІуэ
Бжыгъэр –
ПщІыщ...
КъыщІэздзэжмэ:
Зы, тІу, щы...
Сэ уэншэку
Соубгъур щІым:
Нобэ Іейуэ сеэзшащ, -
Нобэ
Бжэкіэ зэзгъэщІащ!

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокьуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, Нэщ1эпыдж1э Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иригъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кхуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ ІуэхуцІапІэхэм ядэлэжьэныбжьмкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтэшту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Соня,** *редактору* **Жылаесэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Иэрэкъуэ Азэмэт** *(3, 5, 6-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1912 ● Заказ №833